



Sejarah Empu

Alih Aksara
Ny. Riptosuwarno

**DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
PROYEK MEDIA KEBUDAYAAN JAKARTA**



899.222
RIP
5

Sejarah Empu

Alih Aksara
Ny. Riptosuwarno

PROYEK MEDIA KEBUDAYAAN JAKARTA
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
1981 / 1982

Sasmitane ingkang hamurwani, tratamtunya ingkang ginupit, dijadi wau yaktine, wong hala gya sinahu, saha dereng mangerti maring, sadaya kasusastran, langkung mudha punggung, ing mangke panuwunira, kang hanurat mring sagung ingkang miyarsi, tuwin kang karsa maca.

Mugi sampun sami cuweng galih, dene dereng lungguh ingkang sastra, mung sing sengsem panerate, tur jroning tyas kalangkung, dennyana sanget datanpa budi, nging pek-sanireng driya, hakedah ginunggung, rikalannya winiwitan, manedhak srat Sajarah Hempu nujwa ri, Kemis kaping pitulas.

Wulan saben ing warsa Jimakir, sinangkalan Caturung Wiwara, Pandhita kang hambeg Rajeng, ing Surakartanipun, Hadiningrat ingkang nagari, wau ingkang rinipta, urut-urutipun, ing purwa madya wasana, purwanira ngandhap purnika winarni, Hempu Dewa kang dadya.

Panutanira ing nguni-uni, para Hempu dumugyeng samangkya, Hempu Ramadi wastane, nguni dewasa tuhu, yata ingkang tinutur dhingin, duk neng Mendhangkamulan, wau purwanipun, hapandhe hububan grana, hapaparon dhadhengkulira pribadi, hapukul kepelira.

Kang kinarya supite dariji, brama medal saking tutukira hakikir panuduh bae, hagrenda jemoolipun, papacake kuku kinardi, sepuhe Lidhah ira, paclobane hidu, yen ngasah-hepek-hepeknya, Basalene wonten satengahing margi, dhu-kuh Mendhangkamulan.

Kacarita ki Hempu Ramadi, pan hakarya gagamaning Dewa, Cakra kalawan dhendhane, Sanjata Kunta Limpung, Pedhang Gada kalawan Bindi, Lugora lan Trisula, duduk lan Salukun, Bramastra lan Sarutama, Sarutama lan sanjata Pasopati, Panah si Sarutama.

Wahos Lodhot wau lawan Lembing, Nraca kalawan malih Musala, Gobang lawan Badhamane, Cundrik Paris lan Wedhung lan sanjata Nenggala nguni, miwah ingkang Gubarja, Parang Busur Dhuwung, lan sanjata paliwara, Grebong Cikar kalawan Hecis Suligi, Sanjata Subraskara.

Ganthol Pedhang Patrem lan Salumprit, lan sanjata haran Jayacapa, lan panah Poncaworane, lan Gentha keleng barung, pan Jawata ingkang ndarbeni, Kang hangangge gagaman, Jawata sadarum, ing ngantara lama-lama, Pu Ramadinulya wau hasisiwi, priya bagus utama.

Pan ing ngaran Ki Hempu Sekadi, pakaryane kadya ingkang Rama, miwah wau kasaktene, sampun akarya dhuwung, pan Ki Jaka haraning keris, lan hakarya sanjata, tiga katha hipun, lan hakarya Pedhang Kangkam, Gada Bindi Badhamakalawan malih, Towok haran Ki Salat.

Nulya wau ing ngalami-lami, Hempu Sekadi nulya puputra, jaka abagus warnane, kasaktene pinunjul, akakasih Bra - makendhali, wus kadya ingkang Rama, pakaryaning Hempu, karya dhuwung lawan panah, Gada Bindi lan Wahos dhapur-nya biring, aran ki Tundhungmengsah.

Lawan dhuwung dhapur tilam putih, kyai Jakapiturun aran nya, kalawan Cundrik Ki Badher, gancangira ing tembung, Cinarita Bramakendali, nulya sampun puputra, dene nami-nipun, Hempu Cangkanghadi ika, dhasar bagus kalangkung-denira sakti, turun kadya kang rama.

Pakaryanira apandhe wesi, karya Dhuwung Kyai Manglarmu-nga, lawan Wahos Kyai Kedher, baru ing dhapuripun, pa-nah pedhang apan akardi anulya lama-lama, Kyaca kang susunu, kang aran Hempu Janggita, langkung guna lan - langkung denira sakti, wau Hempu Janggita.

Karya Dhuwung Pedhang lawan Cundrik, yen aphande tan ma-wi abahan, aparon dhengkule bae, kepel kinarya pukul , yata wau ing lami-lami, Pu Janggita puputra, nguni was-tanipun, Hempu Dewayasa ika, sagunane yata wau asisiwi, ugi kadya kang rama.

Dewayasa wau asisiwi, miyos jalu abagus utama, sakalang kung kasaktene, paparabe Sang Bagus, Kyai Burbageni wa-wangi, apan sakathahira wau yasanipun, prabawanira mang kana, lamun iku kinarya amangun jurit, metu geni lir sa-lat.

Burbageni nulya asisiwi, winastanan Kyai Handongpurwa , punika kathah yasane, Cengkrong kalawan Dhuwung, Pe-dhang Towok lawan Suligi, Busur kalawan panah, bindi la-wan penthung, myang dhendha kalawan gada, nulya wau ki Handongpurwa sisiwi, nama Ki Hempu Mayang.

Hempu Mayang wau asisiwi, ing ngaranan Kyai Mundhingbro-ngta, Hempu Pandhita kinacik, Mundhingbrongta susunu , nama Hempu Brongtadiluwih, Brongtadiluwih putra, ing pa-parabipun, aran Raden Kumbayana, putra kalih arane ing-kang satunggil, Hempu Gondawisesa.

Putra sepuh warnane apekik, wau raden arya Kumbayana, - datan slamet dadi pandhe, karemira Sang Bagus, pan ka-sengsem dadia Resi, tapa neng awang-awang, wau Sanga - Bagus, kasiku marang Jawata, kenging sabda marang ing Sang Hyang Pramesthi, Rahaden Kumbayana.

Kocap malih wau ingkang rayi, kang anama Ki Londakusuma apanjang wau turune, apa sampun susunu, namanira Ki Kan-dhangwangi, asakti mondraguna, lawan malih hampuh, Ki-Kandhangwangi puputra, ingkang nama Kyai Hempu Kandhang-hadi, guna tur wicaksana.

Hempu Kandhanghadi asisiwi, ing ngaranan Hempu Sarpadewa, abagus sakti karyane, Sarpadewa susuny, wasta Hempu Windunatadi, Windunatadi puputra, paparabing sunu, aran Hempu Windudagda, Windudagda samana sampun sisiwi, ing ngaran Windusarpa.

Windusarpa wau asisiwi, nama Hempu Handayasengkala, ceng kiling gagaweyane, sadaya yasanipun, watekira samya - sengkiling, daya sangkala putra, jalu tur binagus, ka - jatsari namanira, Hempu Kajatsari sampun asisiwi, Kajatiwisesa.

Inggang rayi Hempu Bramakendhi, putranira abagus utama, Hempu Hanjani wastane, pinarnahaken sampun, Tanah Jawi kilen den anggoni, tapa pucak Mandera, tapane anggentur Hempu Hanjani puputra, jujuluke Sang Mercukundha apekik neng Tanah Pajajaran.

Marcukundha sampun asisiwi, kakalih wau ing putranira, ana denepambayune, wus sinungan jujuluk, Hempu Soka ing kang wawangi, anulya arinira, ing jujulukipun, nama - Kyai Hempu Moncang, langkung kanggep dhateng Jeng Sri Narapati, saksat tunggil sayayah.

Ana dene Hempu Sanggabumi, malana maring nagari sabrang ing Winangkabu enggene, karem wonten ing ngriku, kang kocapa wau kang rayi, kang aneng Pajajaran, sampun asusunu, sakawan ingkang atmaja, pambayune bagus tur anjat mikani, Ki Kuwung kang paparab.

Hempu Kuwung harinira malih, kang anama Kyai Hempu Honggo, neng tapan ing kadhukuhe, tapanira anggentur, pan - kyatapan adarbe ari, Ki Keleng namanira, Hempu Keleng - iku, arine malih wanita, warnanya di pakaryane pandhe - wesi, dadya Hempu wanodya.

Nimbok Sombro ingkang awawangi, Hempu estri kalangkungwidagda, nanging ta iku cacate, tan saged karya dhapur, nanging kedah waris priyayi, tan kena winoworan, wesine angglugut, kang raka wau punika Kyai Kuwung pakaryanira winarni, wesine semu gedhah.

Kyai Tapan yasanira nguni, ingkang tosan warna semunira kerang lan semu ing ngepe, angawat pamoripun, dene ingkang arine kalih, Kyai Keleng punika, wau yasanipun, - anglumut semuning tosan, pamoripun anunggak-nunggak pra sami, wus watek datan kena.

Kang kocapa Ki Hempu Hanjani, kang atapa neng pucuk Mandera, angrogasuksma wiyose arsa tedhak Sang Wiku, marang dhukuh Kitapan dupi, prapta wismaning wayah, anulya pitutur, Ki Honggo sira pandhea mring Lahutan sarta wau abibisik, ingkang wayah kasmaran.

Anulya dandan tumuli, Ki Tapan sigra umangkat, wus -
prapteng Muwara age, kang Eyang sigra ngandika, Kaki si
ra ngaliya, ingsun paringi jujuluk, Ki Singkir iku pra-
yoga.

Aterus dennya sumingkir, iya saking wismanira, putuning
sun wong ngabancer, pandheya tengah sagara, tan uning -
eng manungsa, yaiku yasamu putu, kalis brama myang mri
toya.

Lan malie iku kaki, agung leksananira, kang wayah nuwun
ature, angsala barkat paduka, jinurunga ing Dewa, ing-
kang wayah sigra laju, wus prapteng tengah muwara.

Sigegen wau Ki Singkir, kang rayi malih kocapa, kadange
katiga wadon kang sepuh sampun puputra, Kyai Kuwung na-
manya, lilima ing kathahipun, pambayunira wanudya.

Warnane ayu linuwih, awasta lara Sumbaga, anulya malih
arine, Ki Jaka Jati namanya, putra panengahira, Ki Pani
ti namanipun, abagus guna pasaja.

Anulya arine malih, nama Ki Jaka Suratman, ana dene wa-
rujune, Ki Salaheta namanya, iku wuragil pisan, kalima
samyakumpul, dadya Hempu aneng Tuban.

Pan samya lumakyeng kardi, panenggak dadya sorsoran, Ki
Bekel Jati arane, kang rayi dadya lulurah, dene Kyi Su-
ratman, pan dadya jajar puniku, lan harine Salaheta.

Ana dene ta ki Sikir, apan sampun apuputra, jalu apekik
warnane, Aneng Nagari Majalengka, arinira Ki Jigja, ing
kang kacarita iku, jempolipun sirah Sarpa.

Nengna wau ta winarni, Ki Keleng ingkang kocapa, lalana
ngetan parane, duk samana sampun prapta, anulya ngalih-
aran, wonten ing dhusun pituruh, anama Ki Wanabaya.

Sampun kaloka linuwih, Ki Wanbaya piterah, luwih hampuh
gaweyane, tanapi sawliring barang, Singa cinoba pejah,
sakalangkung dening ampuh, gagaweyane piterah.

Yata ing ngalami-lami, Ki Hempu ing Wanabaya, kesah ang
etan parane, wus prapteng nagri Madura, Ki Hempu Wana -
baya, anulya salin jujuluk, wonten praja ing Madura.

Misuwur dipun arani, Hempu Kaca ing Madura, kalangkung
dening gunane Hempu Kaca ing Madura, kaloka jana priya,
wau ta ingkang winuwus, Ki Hempu Kekep kocapa,

Hempu Kekep kang winarni, kang aneng tengah Lahutan, ci narita ing turune, kang aran Surawasesa, kang wonten Ta nah Wetan, ing Belambangan praja gung, Surawasesa punika.

Wau kang kocapa malih, Ki Cakrabawa puputra, Ki Hempu Jaga harane, kang wonten ing Surabaya, Hempu Jaga puputra, nama Ki Hempu Kumendhung, putra Hempu Cangkring - ika.

Hempu Cangkring asisiwi, Hempu Tilam namanira, Ki Hempu Tilam putrane, anama Ki Lanangjaha, dadya Hempu kasusra wonten ing nagari Kudus, Ki Lanangjaha punika.

Data tita kang winardi, kocapa ing Balambangan, Hempu Malaya kandhane, sampun andarbeni suta, dene peparabira Ki Hempu Lunglungan iku, abagus tur wicaksana.

Hempu Lunglungan sisiwi, kang aran Ki Hempu Sedhah, neng Mahospait dhekahe, anggentur denira tapa, Hempu Sedhah puputra, titiga pra sami jalu, kang sepuh Ki Jaka Supa.

Nama Kyai Bodhag kang rayi, wuragil nama Ki Supa, anu - sul marang kadange, Ki Supamandrangi tapa, wonten ing nagari Tuban, arinira datan kanton, Madrangi sakadangira.

Kang tinedheng Hyang Pramesthi, weruha ing Nagri Demak, ing Ratu prawasa kabeh, Kuneng wau Sri Narendra, Nagari Majalengka, kalangsungkawanipun, lir pendah yuda kanaka.

Jeng Sultan ing Majalengka, siniwaka andher neng Poncaniti, Rekyana Patih neng ngayun, ngandika Sri Narendra, Gajahmada undhangna punggawaningsun, Curigane pundhutana, sandika Rekyana Patih.

Sadaya katur ing Sultan wus kapriksa Dhuwung Nayaka Mantri, enggal pinaringaken wangsul, Kya Patih matur nembah, karsa dalem ing wekasan nunten wangsul, Jeng Sultan alon ngandika wadinira Bapa Patih.

Kangjeng Kyai duk ing musna, sabedhahe ing Pajajaran - dhingin, ing mengko durung katemu, manawa neng punggawaingsun pundhut puniku lamun katemu, Gajahmada matur nembah, sagung wadyeng Mahospait.

Undhang sapa pinundhuta, Curigane ginanjar linggih lampit, tinariman putri ayu, sawah nganggur darbeya, wus wisuwur warata meng Majalangu saben dina mring Jro Pura nyaosaken bongkokan keris.

Emeng tyas Sri Naranata, tan katemu sajroning Majapai ,
Kya Patih alon umatur, sadaya pulo Jawa, para Hempu a-
geng alit dipun kelun, sinten ingkang nemokena, ginan -
jar Sadayu mbenjing.

Rinojong aturing Patya, yen mangkono undhangna wadya ma
mi, Kya Patih mijil dhadhawuh, warata sa Nagara, ageng
alit sakathahing para Hempu, miwah Hempu pagunungan, ta
napi Hempu Pasisir.

Pakelun Pu Tanah Jawa, ing bang kilen kerig samya ndha-
tengi, miwah ing pasisir Kidul, kerig tan kaliwatan, pe
pek andher sadaya neng Alun-alun, parentah Rakyana Pa-
tya, heh sagung Pu Majapait.

Sapa ingkang angaturna, ing kondure Jeng Kyai mring jro
Puri, pan agung ganjaranipun, para Hempu kareha, ing
Sedayu Bumi kang kinarya lungguh, jinunjung nama Pange-
ran, kang sarta den tarimani.

Gumer umatur sandika, bubar sagung pakelun jro Nagari ,
gentiya ingkang winuwus, putrane Hempu Sedhah, ingkang
tapa neng Tuban sanget manekung, Supamadrangi kang tuwa
Ki Supa ingkang taruni.

Wonten wangsiting Jawata, luwarana sira Supamadrangi, -
denira tapa manekung, muliha mring nagara, lan arinta -
Ki Supa ywa kongsi kantung ing karsane Sri Narendra, Pu-
sakane kon ngulati.

Kulup sira yen ngupaya, kukuwunge pan kongsi sundhul la
ngit, lir patbelas tanggalipun, sirnaning kukuwung-nya
kidul kulon iya mbesuk ana ratu, kakasih Bathara Kembar
Ratu punjul ing sabumi.

Sirnaning kuwung barengan, lawan Ratu kang punjul ing
sabumi, wus enggal luwara kulup, ing wetan kene ana, Ba
lambangan sira jujuga ing besuk,, muliha mring Majaleng-
ka, matura Sri Narapati.

Supamadrangi wus luwar, lan arine Ki Supa datan kari, -
ing Majalengka wus katur, Sang Prabu Brawijaya, tinim -
balan wus malebeng jro kadhatun, ngandika Sri Naradipa,
sira iku wong ing ngendi.

Dene baguse kaliwat, kadangira rupane kaya kudhik, lan
sapa ingkang susunu, Supamadrangi nembah, Hempu Sedhah
kawula ingkang susunu, sowan kula nyuwun dhawah, icali-
pun Kangjeng Kyai.

Jeng Sultan alon ngandika, sira Supamadrangi ing sun tu-
ding, yen katemu Kyai iku, pan sira ing sun ganjar, ing
Sedayu lungguh bumi limangatus, sakeh Hempu ya rehena ,
sarta sun trimani putri.

Lawan ingsun ganjar sira, ajenenga Pangeran sira mben -
jing, ingsun aparing rahayu, tutuga aneng paran, mugi -
oleha pitulung ing Hyang Agung, wus enggal sira mangka-
ta, Ki Supa matur wotsari.

Yen pareng atur kawula, bekta calon kawula saking ngri-
ki, lan kesah kawuleng pungkur, samya den aranana, dar-
be setan aneluh marang Kadhatun, sapengkeripun kawula ,
Sangnata sampun nanggupi.

Gajahmada dhinawuhan, angobongi wismane Supa sami, dosa
ne kang setan neluh, marang sajroning pura, pra praju
rit ing Majapait gumuruh mring Demak samyanjajarah, dhē
poke Supamadrangi.

Bedhil rame barondongan, sadaya tan ana kang den mimisi
wisma hinakta mring lurung, pra sami ing ngobongan, si-
gra wau Supamadrangi lumayu, lan ari Kyai Supa, tan
kongsi anggawa wesi.

Wesi amung kawan dhepa, waja pamor cinangking den kan -
thongi, ing tengah wana wus rawuh, kendel ngandhap pala
sa, arembagan tiyang kalih ting karanthuk, siranggawa -
wesi pira, mung kawan dhepa puniki.

Pagene mung kawan dhepa, pasthi kurang tan teka ing na-
gari, Ki Supa sugal sumahur, wong gugup nunjang-nunjang
yapagene sira nora mondhong mikul, andadak tatakon sira
atiku pating saluwir.

Yen ngantiya katiwasan, iya sapa kang jeneng kaya mami,
Madrangi alon sumaur, iki neng tengah wana, pae ingsun
ngalih Supa jenengingsun, payo mitra padha Sunan, nge -
mas-emas tepis wiring.

Sampun ngalih Madrangi ingkang wawangi, anama ki Pitrang
dennya minta urutan margi, arine wus ngalih aran.

Supa ngalih nama Hempu Suragati, Ki Pitrang ngandika, -
mupung ana ing wanadri, Suragati calonana.

Kidang Soka Carang Soka lawan malih, lan dhapur pandha-
wa, Sumpana lan Pasopati, Tilamhupih nyalonana.

Aja dawa sakilan luwih rong nyari, kabeh nyalonana, ngi
ras karya gawan yayi, yen kapengkok poncabaya.

Pamorana beras wutah kang prayogi, Suragati ngucap, lah
ta payo padha mampir, mring Desa ngupaya sega.

Ngeleh temen lingsir Wetan durung bukti, mesem ingkang
raka, paye desa ngarep iki, delenge kaya araja.

Manjing desa urup keris oleh inthil, mangkat manjing -
wana, saben desa den ampiri, sangsaya kalunta-lunta.

Wonten wisma dewa ageng jejel pipit, malebeng tumulya ,
anjugug wismeng Patinggi, pinanggihan Bale jaba.

Tinakenan sumaur Ki Suragati, niku Kenthol Pitrang, ku-
la Raden Suragati, nggih punika sikep kula.

Sarwi kesah mathangkrong neng Kandhang sapi, mesem Hem-
pu Pitrang Kiyai wisma miyarsi, angguguk gumujengira.

Sarwi taken gembolane Suragati, Bagus iku napa, metol -
metol wonten jarit, Suragati lon saurnya.

Niki keris ndika arep anyangkelit, yen gaweyan kula, am
puhe angliliwati, jajalen sapi andika.

Wong padesan anjumbul nampeni keris, niku dede coban,
sapi argi sewu picis, tilarane maratuwa.

Wong padesan panyuguhe anglangkungi, sekul ulam kathah,
Ki Pitrang datan praduli, saking genging brangtanira.

Ing ngancaran Ki Bagus dek sami bukti, Ki Pitrang tan
arsa, Suragati aningali, sega panganan gumelar.

Mudhun saking ing palang lajeng ngalinggih, neng amben
ajigang, asengkut denira bukti, sisane ginembol pisan.

Sarwi wuwus liyep-liyep arum manis, telungane ndika, Ki
sanak kang sugih pari, kula niki wong ngumbara.

Mbenjing gentos Ki Raka mring Mahospait, ndika sangu -
Jadah, Jenang alot lawan krambil, gula aren ndika gawa.

Kusung-kusung kula ingkang nedha mbenjing, Insak Allah
ndika, yen mulih kula dhedheli, labete karana angsal.

Wong padesan sadaya suka ningali, manising wacana, kang
bagus jatmikeng budi, kang anem manis pocapan.

Nulya sami medhal ing dhadhah wong kalih, Suragatyeng -
wuntat, tandangira pothar-pathir, saking kehe kang gina
wa.

Nyangking calon gendhong ketan tigang pithi, pasung si
nangkelang, gendhong sega mikul upih, sabuk ucul kale -
weran.

Wong padesan sadaya suka ningali, solah kang mangkana ,
wus samya manjing wanadri, Ki Pitrang kalunta-lunta.

Sampun prapta ing Balambangan Nagari, horeg wong jro -
praja, baguse kang den tingali, lir Dewa ing Suralaya.

Katur marang Sri Narendra den timbali, wus prapteng nga yunan, dinangu sangkane prapti, Ki Pitrang matur prate-la.

Nggih kawula tiyang saking Mahospait, sinebut Ki Pitrang tinundhung Sri Narapati, dosa kawula tan mirsa.

Inggang sampun tumindak kula lampahi, akarya Gagaman, - anggening wongsa nagari, ing mangke datan katrima.

Hempu ageng Balambangan den timbali, Ki Luwuk namanya, lan Kumendhung den timbali, prapteng byantara Narendra.

Angandika Sang Nata mring Hempu kalih, sira kang wus tuwa, ana Hempu Majapait, tekane kalunta-lunta.

Wus ing ngandhar mring Kumendhung kang sisiwi, saking Majalengka, Hempu Sedhah kang sisiwi, putune Hempu Lung lungan.

Yen mangkono Kumendhung sun pundhut iki, sun karya gaga man, angayoni Kangjeng Kyai, Kangjeng Kyai Manglarmunga.

Yenabisa sartane sampuna dadi, sun junjung Pangeran, - kang sarta sun tarimani, Pangeran Pitrang arannya.

Hempu Pitrang amatur saha wotsari, sandika kawula, kali lana yen anggitik, neng satengahing samodra.

Sampun wonten Wadya ingkang aningali, yen sonten katura yen enjing kasuwun malih, ka tura sampun prayoga.

Sakalangkung parenge Sri Narapati, Calon pinaringan, - awit mancal ing Jaladri, Cinatur panggebagira.

Mangsanira katiga nuju marengi, udan lir ampuhan, akeh banjir bandhang keli, prahara banjir prakempa.

Aru-ara gora lesu sol kang uwit, wit gung samya rebah, Gunung Kelut wali-wali, udan awu saben dina.

Sa Nagara sakala kathah wong Gering, leksan sato kewan Pitik Iwenting galinting, rauru jroning nagara.

Hem Pitrang bagus prawira linuwih, yen karya gagaman, - ampuhe angliliwati, akeh kang samya milala.

Kalih warsa denny pandhe neng Jaladri, curiga wus da - dya, Ki Pitrang sajroning galih, enget wong ing Maja - lengka.

Yen dinuta angupaya Kangjeng Kyai, rumangsa yen angsal, denny karya sampun dadi, curiga tiga pan samya.

Wus pinocot ukirane sakéng paksi, pinasang kang enggal,
katur ing Sri Narapati, babaran curiga kembar.

Duk kapirsa Sang Nata eram ningali, warni nira kembar ,
endi Pitrang Kangjeng Kyai, dene rupane tan siwah.

Yen padhaa marabot sun tan udani, Ki Pitrang aturnya, -
sumanggeng karsa Sang Aji, kang abdi narah kewala.

Wis metua sira Pitrang dipun aglis, banget sun tarima ,
dene bisa amadhani, wasiyate Pulo Jawa.

Sri Narendra wus malebet jroning Puri, kang aneng jro
Pura, Dyanayu Upas kang nami, kang ampuh kaliwat-liwat.

Dennya krama kaping kawandasa luwih, wit jro pawestren-
nya, Sawyer welang kang nenggani, mila mpuh tan kena -
wong prak.

Sri Narendra tedhak mring kaputren aglis, panggih lan
kang raka, mBokayu kula aturi, krama angsal Hempu Pi-
trang.

Ingkang dados ojata ing wong sa-bumi, baguse kaliwat, -
dhasar digdaya linuwih, prawira guna ing karya.

Radyanayu Upas alon anauri, ya sakarsanira, nanging aja
Pandhe wesi, yen pandhe dadya pegatan.

Wus tunari Ki Pitrang anya-ndikani, lajeng adhadhawah,
undhang marang ing nagari, parentah mijil ambengan.

Pepak nayaka kalawan Patih, aneng jro Kadhaton, miwah
sagung wadya bela andher, samya nakseni denira kawin, -
Ki Pitrang akrami, kalawan Sang Ayu.

Bubar sagunging wadya kang nangkil, gantya Sang lirsi -
nom, mring kaputren kalawan kakunge, wus apanggih neng
jroning jinemmrik, wayah lingsir wengi, kakung mamrih -
lulut.

Dhasar bagus krenggeng busana di, lir Hyang Wisnu anjog
Radyanayu amawas kakunge, tan derana enjelih kapati, -
sambat-sambat mati, Dewata kang Agung.

Welasana dasih kawlasasih, sapisan ing mangko, darbe ka
jat ing sapisan kiye, kalilana kawula dadasih, luputa -
bilahi, iya lawan ing sun.

Galasaran Sang Ayu anangis, aneng jroning gedhong, adhuh
Dewa banujttenta kiye, anggung urip tan padha lan janmi,
suka lila lalis, urip malang megung.

Hempu Pitrang anjenger ningali, marang Sanglir Sinom, -
matur alon sidhakep astane, heh Sang Ayu anggung sambat
mati, paran dados galih, leres lepatipun.

Adhuh gusti yen datan kadugi, inggih awakingngong, kina mánaké pun Pitrang awone, punapiya sangdyah anglampahi, yen datan kadugi, angger sampun muhun.

Kula kesah saking ndalem puri, ingkang kiwa adoh, sakalangkung Sang Putri tangise, nora kendel saya ngelak- - ngelik, sambate kapati, Ki Pitrang wus mundur.

Sangdyah Ayu kendel dennyang nangis, angandika alon, heh Pangeran baliya den age, sun tuturi tangisingun iki, sira sun tingali, kalangkung gegetun.

Yen kalakon sira sira angemasi, paran polang ingong, yen pareka kapriye dadine, datan saged kawula ningali, paran anggon-sun napih, bisane rahayu.

Hempu Pitrang wangsul marepeki, sarwi matur alon, paran Angger kang dadi wadine, radenayu matur sarwi nangis, - jro sinjang puniki, wonten kalanipun.

Warni sawer upase yen mijil, sakalangkung mandos, sin - ten ingkang acelak sinampe, sakalangkung galake kapati, yen nyokot mateni, losoh yen anembur.

Hempu Pitrang mesem amarani, angandika alon, yen maka - ten angger wawadose, pinten banggi kang abdi nyagahi, - mulyaning kang sakit, nyata abdi ulun.

Wus winatek kasakten linuwih, neng ngilat mancorong, mi - wah jempol narocos upase, gya binuka sinjange Sang Pu - tri, Sang Ayu anangis, nangis astanipun.

Emar-emar manah Sang Dewi, lamun temah layon, saya - sengkut Sang Hempu Pitrange, wus binuka sinjange Sang - Dewi, sawere kaeksi, melet-melet murub.

Kang kinarya mapag ngadu sakti, upas saking jempol, pan kumepyur anyembur wisane, Pangran Pitrang upase kang mi - jil, kang kinen narungi asemur sinembur.

Yen anyokot jempole nadhahi, upas kalih mandos, wusnya mijil wauta ulane, kadya kapuk pejah tibeng siti, Sang Putri ningali, arsep manahipun.

Wus binucal sawer mring jaladri, Sang Putri pinondhong, ing asmara tutug sakarsane, pan karongron siyang lawan ratri, cinatur wus lami, ambobot sang ayu.

Pitung wulan bobote Sang Putri, duk aneng paturon, nuju asare murub wentise, Sangdyah Ayu dyan amungu ririh, Pa - ngeran den aglis, wungu pukulun.

Suku paduka wonten gegeni, geng langkung mancorong, gu - maregah wau duk wungune, pungun-pungun sarwi den takoni keneng apa dening suku ndika murub.

Anauri Pangeran aririh, aduh ariningong, iya iki sayek ti namane, dudu geni punika pan wesi, wesi ingkang becik, iku turuhipun.

Tan sakeca Pangeran inggalih, pamit medal alon, amanggihi marang ing arine, kaya priye pratik ilmu yayi, manwa kabelik enggonku ing ngutus.

Suragati sumaur nudingi, pikirmu rakaos, jangji ngajeng ginugat panede, lamun Pandhe pegatta lastari, mbok angitik wesi, tan supe tinundhung.

Wus ing nganggep rembaga kang rayi, pinareng ing batos, yen mangkono payo padha Pandhe, Suragati tumandang tumuli wus angitik wesi, Sang Putri anjumbul.

Tedhak mring Pandhapa nulya linggih, angandika alon, ya pagene Pitrang sira kuwe, nora tuhu ing prajanji mami, wus karseng Hyang luwih, pisah lawan ingsun.

Hempu Pitrang mesem ngandika ris, ngong nurut kemawon, tan suminggah kawula nah angger; mung kawula atitip - mring Gusti, wawratanta yayi, ing sapungkuringsun.

Lamun mijil jalu sun tilari, yen nusul maringong, Majapait Nagrisun ing tembe, wus kariya mirahingsun gusti, sira lan sun mugi, manggiha rahayu.

Suragati kang raka jinawil, wus ing ngajak bodhol, man tuk maring Negarane dhewe, Majapait prajanireng nguni, prapta ing Wanadri, lampah esineru.

Tan cinatur lampahireng margi, ing nagari rawoh, manjing marang Kadhaton praptane, cumundhuk mring jeng Sri narapati, gumer sa-Nagari, Madrani kang rawuh.

Kyana Patih Gajahmada nangkil, wus manjing kadhaton, - pra nayaka sadaya wus andher, angurmati rawuhe Jeng Kyai suka sa-Nagari, pra samya anayub.

Wus pinundhut marang ing jro puri, sumare Kadhaton, Sri Narendra siniweng balandher, angandika Sri Nata mring - Patih, dhawuhna den aglis mring punggawaningsun.

Si Madrani sun ganjar lilinggih, ing parentah ingong, ing Sedayu ingsun paringake, limang atus kang kinarya - linggih jenengsun paringi Pangeran Sedayu.

Lan bojone iya sun paringi, santana ingsun jro, lan maninge para Hempu kabeh, sun srahaken mring Supamadrani, mung arina iki, si Supa sun pundhut.

Jaganana barang karsa mami, aneng jro Kadhaton, alung - guha iya Mantri Pandhe, Bumi satus iya sun paringi, wis maa nagari, nyadhong karsaningsun.

Ajenenga Ngabehe Supadi, iku karsaningong, wus wisuwur sa-nagara kabeh, kuneng gantya Ki Supamadrani, wus nam-peni Putri, ganjaran Sang Prabu.

Ki Madrani wus pamit Sang Aji, putrine binoyong, mring Sadayu apan ing daleme, Nanging wau warnane Sang Putri, cacade mepeki, ing badan sakojur.

Netra kanan rata lawan alis, kang jongga mbedodong, sam-ya, abuh punika tatune, amilirah siang lawan ratri, ce-ko asta kalih, sukune agejug.

Pangran Sadayu dahat ngrudatin, gerahe sang Sinom, ane-nedha dalu ing Dewane, aparinga kamulyaning urip, kaceka sasami, samaning tumuwuh.

Ngadeg ing latar salingsir wengi, gya wangsit kang ra-woh, Heh Sadayu luwara den age, sira minta mengko den paringi, idumu kang putih, tambakna bojomu.

Nadyan belang usapana putih, temah ayu anom, wus kariya Sadayu sirangger, gya luwara pan wus bangun enjing, si-gra ngusadani, mulya sakitipun.

Malah wewah ayune Sang Putri lan wewah yu anom, lawan kuning prakati wuruhe, trincingipun Sangratnasmu lin-dri lan wuwuh mancening, tuwin rangkung-rangkung.

Ringas tangginas lawan tarampil, wimbuh melok-melok -tur pasaja akeh wong wirage, yen lelewah teka amantesi atining wong sukci, akeh kang kayungyun.

Horeg sagung wadya Maospait, pra samya nanonton, Raden Ayu waluya gerahe, malah mandar anglir Widadari, keh wong kang angabdi, lan ndherek dhudhukuh.

Saben dina kang prapta anggili, anedya dhudhukoh, sam -pun arja Sadayu Desane, gemah arja wus kadya Nagari, -gantya kang winarni, Blambangan.

Radenayu Upas kocap malih, dennya wawrat miyos, Jalu -warnanya langkung pekike, wus jujuluk Jaka Sura mung-gying, sajrone ing puri, wus kalawun-lawun.

Lamun guyon samya rare alit, yen banting macethot, yen ngidoni mring bocah losohe, yen anyablek panas kang da-riji, giris wong ningali, kaprawiranipun.

Sampun katur marang Sri Bupati, yen polaha awon, wus -tinundhung anusul Ramane, marang Majalengka ing Nagari, mring Ibu wus pamit, matur sarwi muwun.

Adhuh angger sutaningsun gusti, paran polahingong, du-rung wayah nusul wongtuwane, sun tuturi babo sira Gusti wong tuwanta kaki, aneng Majalangu.

Dhasar bagus prawira linuwih, asakti - atanggon, saka - langkung mancorong cahyane, Pangran Pitrang ingkang awa wangi, sira den tilari, cacaloning dhuwung.

Sira lamun nusul wusa dadi, angger sutaningong, yen dinangu ing ramanta angger, matura mring ramanira Kaki, - duk ing sira la ir, tunggal wong tuwamu.

Dina tanggal wulan miwah warsi, myang wukune jumboh wus mangkata angger dipun age, ngulon bener Nagri Majapait, den angati-ati, sira tanpa batur.

Jaka Sura mring Ibu ngabekti, mijil sing Kadhaton,nyang king calon wus manjing wana ge, Calon dinamel saturut - margi, Dhapur Bethok tuwin, gedheng wesinipun.

Dennya karya tanpa gini kikir, mung karo jejempol, urut margi pinejetan bae, wusnya dadi sinimpen tumuli, munggyeng pupu kering, ing panggenanipun.

Urut margi mipil-mipil wesi kang badhe ing ngadol, mung sinambi lumampah karyane, saben peken-peken den ampiri, denirarsa bukti, sade kudhi pacul.

Bendho Pangot pesi den bolongi, rinentang Kemawon,aneng pasar angadeg tan suwe, nuju wonten titiyang pawestri, ngadeg aneng ngarsi, tiyang sade kayu.

Tinawanan kinen sade kudhi, nini tuwa sagoh, gya den sade alarang payune, sareng manthuk Ki Jaka tutwuri,wus prapta ing panti, dhoyong gedhekipun.

Saben dina kinen sade Karis, wus sugih Ni wadon, nulya-pamit Ki Jaka lampah, prapta ing wana amanggih Janmi, Madung Kayu Jati, tataken Ki Bagus.

Heh ta Paman sira pa udani, marga kang mangulon, marang Nagara Majapaite, tan sumaur sarta tan ningali, Jaka Su ra angling, tugela wadungmu.

Tan antara wadung tugel kalih, wong madung lingnyalon, bocah apa teka salah gawe, Jaka Sura aris anauri, wong tinaken Kaki, mbok iya sumaur.

Tuduhena ing tatakon mami, Paman kang sayektos, sun tempuhi wadungmu tugele, iya thole mangulona iki, mung sadina prapti, Nagri Majalangu.

Jaka Sura nulya mendhet aris, wadung saking kanthong, punang Wadung sinungaken age, sarya mojar aja madung ka ki, muliha den aglis, kutugen wadungmu.

Lamun kinarya pundhen nyugihi, yen gaweyan ingong, yen ana takon tutura kowe, gaweyane Jaka Sura mami, wus kariya Kaki, sun nutugken laku.

Sampun prapta tepining nagari, Ki Jaka tatakon, wong sa wiji nyirigken kudane, saking pasar semune Balantik, eca tan nauri, nyirig manggut-manggut.

Jaka Sura kaku jroning galih, pamuwuse alon, mung tuge-lakendhaline bae, jaran ucul tibaa kang nitih, leganing tyas mami, dene teka angkuh.

Tan antara tugeling kendhali, kang nunggang gya runtoh, gurawalan nututi kudane, sarwi muwus bocah apa kuwi, ba reng den aruhi, ingsun nuli runtuh.

Jaka Sura mesem sarwi angling, jer sira wong angkoh sun tempuhi kendhali tugele, sun tuduhna nagri Maospait, Hempu kang linuwih Ki Pitrang ranipun.

Sigra mojar Ki Bagus ing ngriki, gon Hempu kumroyok, we tan pasar punika prenahe, katon peteng wit wringin kang inggil, Jaka Sura angling kene kandhalimu.

Ing ngulungken pinejet tumuli, tan dangu wus wutoh, si nepuhan gya winangsulake, enya Paman sira ywa balantik, lamun arsa sugih, yen gaweyaningsun.

Kutugana yen dina kang sukci, pintanen sayektos, wus - kariya ingsun nutugake, Jaka Sura prapteng jro Nagri, - pandhe Mahospait, sadaya dinangu.

Paman pandhe sira sun takoni, sira kang wus ampoh, Pang ran Pitrang ing ngendi wismane, lan arine aran Suragati wismane ing ngendi, sun takon satuhu.

Lon sumaur Ki Bagus sun iki, mangsuli sayektos, sun durung wruh Ki Pitrang wismane, Suragati ya durung udani, kina tekeng mangkin sun durung sumurup.

Sira maranga Sedayu Nagri, yen Ki Lurah tumon, sigra pa mit Ki Jaka lampahe mring Sedayu kang sinedyeng galih, yata kang winarni, Pangeran Sedayu.

Lagya pinundhutan ing Sang Aji, Dhuwung kang pitados, - Tosan sanga punika Calone, kang sajuga wesi Pulasani, - Kamboja ping kalih, lan wesi Balitung.

Lan Marakas Karangkijang malih, Budhug Basu kyaot, lan Mengangkang Dalepih kanure, gih punika Tosan kang pra-yogi, mila den pilih, amrih ampuhipun.

Agengipun sami lan Karambil, pinukul binasot, Jaka Sura anjujug praptane, ing Parapen ngadeg angadhepi, dennyangepel wesi, Pangeran Sedayu.

Kaping sanga kinepel tan dadi, wegah ing jro batos, raywan lungguh apikir sadyane, Ki Supadi ingkang sandinglinggih, paran kang prayogi, bisanira kumpul.

Jaka Sura teken marepeki, heh Paman sun takon, sira iku apa lulungguhe, dene wong pandhe kaya priyayi, Supadi - nauri, Ingsun Hempu Sepuh.

Ingsun iki lulungguh Ngabei, Supadi raningong, ing Naga ra wismeng sun yektine, dene iku iya kadang mami, nging uwus lilinggih, Pangeran Sedayu.

Jaka Sura mesem ngendika ris, dene ta mengkono, jare Lu rah Pangeran lungguhe, ngumpulake wesi tan kadugi, Lu-rah apa iki, Lurahe wong mikul.

Lamun ingsun piniji Narpati, polah tan mangkono, tana suwe sun karya kumpule, aku saguh ngumpulake wesi, nanging sun takoni, ngakua satuhu.

Iya mara kumpulna den aglis, den padha samengko, yen - wus kumpul takona den age, Ingsun tutur iya kang sayekti Jaka Sura aglis, kang wesi cinakup.

Ki Supadi ingkang angububi, neng nginggil mathangkrong, Jaka Sura angepel tosane, wus ginepeng ing tangan pri- badi, datan suwe dadi, Jaka Sura muwus.

Karya apa karsane Sang Aji, Supadi lingnya lon, karya wedhung panugelan tembe, lamun ana wong kang dosa pati, kinarya nelasi, karsane Sang Prabu.

Jaka Sura tumandang ngikiri, kang kinarya jempol, wu- sing alus gya ing ngaturake, nutugken denny taken Su- darmi, heh Paman sun iki, tatakon satuhu.

Ingkang aran Pu Pitrang puniki, ya wong tuwaningong, ing saiki mulih aneng kene, sira yen wruh tutura sayakti, - laku sun ngulati, mring wong tuwaningsun.

Pangran Sedayu ngandika aris, tan sumurup ingong, mung Sang Tana sumurup citrane, Ki Pitrang lawan Ki Suragati lalanang pasisir, ing Blambangan rawuh.

Tinariman Putri ngong wus lali, tan lawas ambobot, pi- tung wulan sun tilar marene, sun tinggal jeheng ya wus lali, Calon sun tinggal paran dadosipun.

Jaka Sura kaget anauri, sarwi mundhut Calon, gih punika Calon tinggalane, dados Bethok sun karya neng margi, Ja- ka Sura mami, de namane ibu.

Radenayu Upas kang wawangi, kadange Sang Katong, gih ka wula punika sutane, angupaya mring wong tuwa mami, Ki Pitrang wawangi, anome tan weruh.

Pangeran Sedayu gepah, kang putra rinangkul aris, babo angger putraningwang, prawira ngungkuli mami, Ibumu ing kang kari apata padha rahayu, Jaka Sura tur sembah, ing sapengker kula inggih, kaatura sembahe Rayi paduka.

Ki Supadi latah-latah, dene kaya kang netesi, Jakane - wong Balambangan wani marang Majapait, sapa kang ngater dening, sira ngambah ing wana gung, Jaka Sura tus sembah, Paman kula numpal keli, awratipun wong badhe mirsa ing bapa.

Kang Ibu alon ngandika, adhuh nyawa putra mami, sukur - kulup sira prapta, luwih leganing tyas mami, dadya lan-
- jaran Gusti, mug i sugiya sadulur, kang putra matur nem-
- bah, sukur bage ibu asih, inggih Ibu mug i Jawata nju -
- runga.

Datatita kang kocapa wauta Sri Narapati, Nagara ing Ba-
- lambangan enjing umiyos Tinangkil, sagung Nayaka Mantri
- andher pasamoan agung, Hempu Luwuk ing ngarsa, Ki Mun-
- dhing jajare linggih, angandika wau Sang Sri Naranata.

Ing sagung kang pra nayaka, pikiren ingkang prayogi, Si
- Pitrang neng nagriningwang, semune anyalawadi, saiki a-
- neng ngendi, apa apa misiha puniku, yen maksih timbala-
- na, pan sedy a ingsun takoni, gone karya anakan Ki Mang-
- larmunga.

Rakyana Patih tur sembah, lamun pareng Sri Bupati, pun
- Pitrang neng Balambangan, tetela dinuteng Aji, ngupaya-
- Kangjeng Kyai, ing mangke sampun umantuk, mring Nagri -
- Majalengka, lan sampun dipun trimani, wus jinunjung -
- Pangran Sedayu namanya.

Wasiyat Dalem kang nyata, punika dipun lambangi, inggih
- ingkang sakembaran, punika anome sami, kang Kangjeng -
- Kyai, punika binakta mantuk, katur mring Majalengka, mi
- lane ginanjar linggih, wus tetela dinuta ing Brawijaya.

Raja Sembhoto ngandika, marang ing Rakyana Patih, yen
- mangkono titikannya, Pulo tanah Jawa iki, sayekti kang
- nagari, pinecah dadya tetelu, ingkang siji den enggal,
- buwangen teleng jaladri, gya binuwang kang sajuga mring
- Samodra.

Heh sagung Mantri Nayaka, dandana kaprabon jurit, nglu-
- rugi mring Majalengka, karsengsun ngrusak Nagari, sun
- dhewe kang ngawaki, sun sedyaken taker marus, kerigna-
- wong Blambangan, kabeh samaktaeng jurit tan cinatur de-
- nira amangun yuda.

Gencare wus ramya ap rang, barise wong Majapahit, gugup
- tinunjang ing wadya, Balambangan samya kadi, Bantheng -
- atawan kanin, amerem pangamukipun, wus angrapit ing
- praja, Sang Nata satengah miris, pan meh bedhah Nagara-
- ing Majalengka.

Sumbare wong Balambangan, si Pitrang barise ngendi, cu-
- lika mring Ratuningwang, payo padha aperang tandhing, -
- culika nyolong keris, ing mengko gulumu jabut, setane-
- Majalengka, ngumbara anyolong keris, dudu tindak culika
- marang Narendra.

Tan kendel susumbarira, ing ngulap kang pacak baris, Pangeran Sedayu sigra, analabung saking wuri, wong Sedayu geng alit, sakeh Hempu samya magut, titindhih Jaka Sura ing payudan sampun rakit, kang winengku wong limangatus sadaya.

Pangeran Sedayu mulat, wadya lit kang den tindhihi, kawanatus baris ira, dadamel sanjata sami, Jaka Sura neng ngarsi, ngirid Hempu gangsalatus, sumedya mengsah ing prang, sajrone ing tyas kumitir, myarsa susumbare wadyeng Balambangan.

Pati Bedil ing payudan, amung kari tumbak keris, denira mangsah ing yuda, tan wonten kang ngucap ajrih, satengahing ngajurit, akeh wadya liruwung, myang tarungkeris pedhang, Jaka Sura angawaki, bubar-bubar barise-wong Balambangan.

Para Menak Majalengka, barisira amomori, kalawan Ki Jasura, sangsaya ageng kang baris, tan wonten kang nadhahi, wong Balambangan mawut, pra samya kathetheran, ratune katon pribadi, gya cinandhak marang Menak Majalengka.

Mundur nateng Blambangan, angrebut wus tan pakolih, malah curigane kena, titiga samya den ambil, mring Menak Maospait, aran Menak Majalangu, katur Sri Naranata, Brawijaya Majapait, sakalangkung sukeng tyas Sang Brawijaya

Jiwalangu wus ginanjar, sinengkakaken ngabei, Jaka Sura wus ginanjar, busana kang sarwa adi, tentrem jroning Nagari, Prabu Sembhotho wus kondur, ngungun saurut marga, wus karseng Dewa kang luwih, Pulo Jawa tembe loro Ratonira.

Awit Kyai Manglarmunga, iya ana kang madhani, gunung-gunung Tanah Jawa, sadaya samya nakseni, gumleger ing wi-yati, muni ingkang guntur ketug, prakempa aru-ara, dhedhet erawati tengis, ing sakala surem ingkang surya-condra.

Arja Nagri Majalengka, Jeng Sultan ayasa malih, parabote kang Turangga, ayasa warna Kandhali, Supadi kang tinuding, kinen karya ing Sedayu, wus panggih lan kang raka Pangeran anyandikani, dennyanya karya medal manah kang utama.

Karsanira Sri Narendra, Brawijaya Maospait, kang den pijil akaryaa, Pangran Sedayu sendiri, samana den tandangi, sawusira calon bagus, pangeran emengityas, wunen dereng den Caloni, gya tinilar mider-mider maring latar.

Nuli Raden Jaka Sura, anggraita jroning galih, yen ingkang Rama kemengan, denira karya Kendhali, wunen tan den pacangi, sinelan ing karsanipun, amethet Tosan abang angsal kalih den galintir, sigra nyandhak Kendhali wune pinasang.

Ingkang Rama nulya prapta, sing denny nider ing jawi, ningali solah ing putra, gya ginetak saking wuri, ywa sira wanni kardi, sabarang kang tanpa laku, yuswaniran dawa, tegese amejanani, wesi ampuh tunggal jinis lawan sira.

Dereng palasta karyanya, pinundhut Sri Narapati, gya katur maring nagara, sinaosaken pribadi, pinanggihan - panepi, duk pinirsa Sanga-Prabu, kagyat lon angandika pagene sira kurangi, wuwunanene tanganep wilanganira.

Pangeran Sedayu nembah, supe gen kula nyaloni, ing - kang kalih sinusulan, abdidalem anak Gusti, anggen kula nyepuhi, pan inggih wonten dalanggun, Sang Nata - langkung duka, iki apa bisa becik, cobakna ing Macan - kendhalenana.

Kang mundhut macan wus prapta neng ngarsanira Sang Aji sima lorek geng kalintang, Sang Nata ngandika aris, Sedayu dipun aglis, jajalena gaweyanmu, Pangran Sedayu nyandhak kendhali cinecep malih, kaping tiga medal upas kang utama.

Dyan pinasang cangkem Macan, nulya macan saged nyirig, sukeng tyas Sri Naranata, macan kenging den tumpaki, - wus kinen anguculi, siyung macan nulya runtuh sareng panglepehira, siung untu lan kendhali, wusnya katur - Sri Nata kalangkung suka.

Sira wus ingsun tarima, de nira yasa Kendhali, dadiya Wasiyat Jawa, arane ingsun paringi, macan guguh prayogi, siung macan bisa runtuh, mandah marang Turongga, - sun kira luwih prayogi, lan kapindho Sedayu sun dangu - sira.

Sira darbe suta priya, lahiya ingsun pundhuti, gagaman karya cangkingan, kang prayoga den tingali, Pangran Sedayu aris, nembah matur ing Sang Prabu, Gusti abdi paduka, pan taksih dereng prayogi, wangunipun Gusti dereng kaparengan.

Sri Naradipa ameksa, sanadyan durung prayogi, sepuhe - uwis prayoga, margane guna lan sakti, wiwitan den bakal, wiwinih sarta sinau, Pangran Sedayu nembah, sandika mundur sing ngarsi, sampun prapta ing Sedayu dale - mira.

Jaka Sura prapteng ngarsa, Pangran angandika ris, heh kulup Ki Jaka Sura, sira pinijig Sang Aji, sira kinen - akardi, gagaman ing karyanipun, cangkingan kang prayoga, sandika anulya kardi, tan winarna Jaka Sura denny karya.

Langkung kathah tosanira, sampun pirang-pirang dhacin, den kepel dadya satunggal, sawusira dadi siji, kinarya tanpa geni, dhapur lameng kirang patut, nanging sepuhe lidhah, tan lami tumulya dadi, sigra katur maring Prabu Brawijaya.

Karsane ki Jaka Sura, ing ngaturaken pribadi, prapteng Nagri Majalengka, kendel ing regol kang awit, malebet den adhanggi, tan suka wadya kang tungguk, langkung ka-ku tyasira, Jaka Sura nulya bali, lamengipun den tilar lawang Gapura.

Kang caos atur uninga, lamun abdi dalem alit, Pangeran Sedayu putra badhe malbeng sun adhanggi, wangsul wonten ing kori, lawange tinilar sampun, Jeng Sultan sigra - tedhak, gurawalan angedali, wus pinirsa kang tinilar-Jaka Sura.

Gaweyane Jaka Sura, apa pasah padha wesi, sinabetaken ing Lawang, tugel bet tan kaping kalih, eram ingkang ningali, Jaka Sura yasanipun ingkang Rama ngandikan, - wus prapteng sajroning Puri, angandika Sanga Prabu Bra wijaya.

Heh Sedayu sutanira, nggone manjing jroning puri, nga turken pundhutaningwang, tan kongsi temu lan mami, bali tinilar kori, lah iki gaweyanipun, landhep ampuh-kalintang, ingsun ingkang angarani, ajenenga si Lawang iku prayoga.

Pangeran Sedayu turnya, kawula sampun ngaturi, manawi pun Jaka Sura, dereng saged tata krami, punika Ibu saking, Balambangan wijilipun, wonten ing Majalengka, pan inggih dereng alami, amung sepuhipun sami lan kawula.

Sang Nata malih ngandika, arinira Ki Supadi, lan sutanta Jaka Sura, katrinira sira ugi, karya Dhuwung sami kang prayoga warnanipun, papancen kang nganggoa, kadange Sri Narapati, ingkang sami sumeca marang Narendra.

Sandika ing aturira, sigra mundur saking ngarsi, wus prapta ing dalemira, awarta ing kadang siri, yen timba lan Sang Aji, sireng wangken karya Dhuwung, ing wau - tan winarna, wong katri denira kardi, neng Nagara Sedayu kala samana.

Wus akeh denira karya, wong tiga tumbak lan keris, salawe kathahnya ingkang, kalih welas kang prayogi, malebet mring jro puri, Calon putranireng Ratu, kang badhe pinaringan, nanging maksih neng jro Puri dereng kongsi pinaringken putra-putra.

Gantya ingkang kinocapa, Jaka Sura wus ngemasi, mung yuswa wolulas warsa, neng Sedayu denny lalis, gantya-ing ngucap malih, duk lagya ing wawratipun, Putri ing Majalengka, Pangeran Sedayu Padmi, wawratane pan sampu amiyos putra.

Wus ageng sinungan nama, Jaka Growah kang wawangi, sampun diwasa mratapa, aneng gunung Bayangkari, cinatur - wawrat malih, tri wulan wawratanipun, Pangran Sedayu - seda, Ing Demak wus madeg Aji, awibawa pra Wali mangun Nagara.

Para wali magut ing prang, lan kang Rama Maospait, prang rame samya gempuran, bedhah Nagari Maospait, pra samya-den boyongi, wuyungan wong Majalangu, den irit maring Demak, ageng alit jalu estri, pan sadaya kasmaran samarga-marga.

Bedhah nagari Majapait, Sedayu Putri ambabar, neng Nagri Demak wiyose, wus ageng neng Nagri Demak, umaring mring Jeng Sunan, lan lalana karyanipun, jujuluk Kya Jakasupa.

Susunankali ndhawuhi, Jebeng akarya Gobang, kinarya mara sibae, Ki Supa matur sandika, nuli sampun akarya, Balem-bang ing dhapuripun, katur Sunankalijaga.

Kagyat Jeng Susunan Kali, dene sanes lan karsannya, wau ing pangandikane, Susunan ing Kalijaga, marang Ki Jaka Supa, heh Jebeng sira kaliru, ya maneh sira gaweya.

Iya ingkang rada cilik, sandika Ki Jaka Supa, anugel milih tekene, karya Dhapur Kidang Soka, kagyat Kangjeng - Susunan, dennyg maneh karu, kene sun sun calonken sira.

Ginepeng Jeng Sunan Kali, pinaringken Jaka Supa, anulya enggal ginawe, Dhapur Bethokgandhi celak, tinetrap pamor sanak, kinocok Jajempol alus, Jeng Sunan Kali ngandika.

Pan wus karsaning Hyang Widdi, Jebeng sira nora dadya, Wali kawandasa tembe, den enggal sira muliha, marang Nagari Demak, ingsun paringngi jujuluk, Ki Supadi aranira.

Wus umangkat Ki Supa glis, mantuk mring Nagari Demak, tan alami ing kesahe, malana marang Madura, ngalih nama Ki-Macan, ageng-ageng yasanipun, anulya mring Surabaya.

Mung rong dina ngolah-ngalih, aneng Bawah Surabaya, sine but marang wong akeh, Hempu Kodhok pan digdaya, kaloka - monca Desa, ing Pajang wus madeg Ratu, Ki Kodhok wonten-Lawian.

Tegal Ngendhen kang den goni, kaloka wong monca desa, Ki Kodhok gagaweyane, ageng-ageng semu wiyar, langkung garing kang Tosan, wong akeh ingkang anebut, sinebut Keleng prawira.

Akeh wong samya ngarani, Ki Keleng pened yasannya, katur Sang Nateng Pajange, tinimbangan mring Nagara, sampun - umanjing Pura, anuly ginanjar lungguh, Mantri Pandhe Kyai Umyang.

Marma ginanjar wawangi, Kiyai Umyang amarga, duk lagya - wiwit yasane jinajalaken wong desa, ngomyang tutur kewalla, Sangnata langkung sihipun, Ki Cuplak Mantri taruna.

Ki Cuplak Mantri kang kuna, saking Gunung Tawang nguni, tedhak Sombro ping sangalas, sinihan Sultan wus lami, matur Jeng Sultan aris, nuwun duka Sanga Prabu, abdidalem-pun Umyang, tiyang saking Maospait, turunipun Pangeran - Sedayu kunna.

Mila kesah sing Nagara, tinundhung Srinarapati, ing ngg yak wong Majalengka, kalunta marang Wanadri, mila tinundhung nguni, setanipun asring neluh, marang sajroning - pura, benjing sampun andukani, pan kawula ing mangke - sampun pratela.

Sangnata lon angandika, pagene den tarimani, lawan ji - nunjung Pangeran, ing Sedayu kang lilinggih, Ki Cuplak matur aris, punika ing purwanipun, Jeng Kyai duk sirnanya, pun Supa ingkang madosi, duk pinanggih wonten ing Nagri Blambangan.

Srinarendra emengingtyas, temah angandika aris, yen - mangkono labetira, nuli tundhungen den aglis, sandikanuli mijil, Ki Cuplak sigra dhadhawuh, cinendhak kang - carita, pinet gancange ing kawi, sampun dadan Ki Umyang pan arsa kesah.

Wus mangkat saking nagara, lampahe samargi-margi, ka - langkung amelasarsa, medalira sing nagari, ing Pajang - duk ing nguni, Ki Umyang aran Ki Tundhung, ing Kudus - kang sinedya, wus lami amelasasih, ing Mataram Umadeg - Raru wibawa.

Jeng Sultan Agung akarsa, yasa kang Mariyem Wesi, pake - lun Pu tanah Jawa, wolungatus ingkang becik, wawolu - lungguh Mantri, pinilih wit wus pinunjul, Hempu saking Semarang, Hempu Tepas kang wawangi, turunipun ing Tu - ban Ki Saleheta.

Hempu kang sing kilen karang, anama Kyai Mayi, sutane - Sikawiyana, lan malih Ki Hempu Legi, prawira barang kar - di, lan akeh ing kojahipun, putrane Hempu Lanang, buyu - te Ki Suragati, Hempu Gede Ki Cuplak kang darbe putra.

Hempu Luwing ing Madura, buyute Ki Kasa nguni, Kyai Gu - ling ing Mataram, Kyai Hempu Kaliajir, Ki Tundhungkudus mangkin, wus jangkep Hempu wowolu, awit samya tumandang neng alun-alun pra sami, sabendina tinedhakan Srinaren - dra.

Tedhakira Sri Narendra, Hempu wolu den timbali, prap - teng byantara Narendra, ngandika Sri Narapati sapa ing - kang ambudi, Mariyem pratikelipun, Ki Guling ing Mata - ram, umatur saha wotsari, abdidalem ing Kudus Kyai Supa.

Jeng Sultan alon ngandika, apa Supa Pajang dhingin, Ki Supa matur kawula, ing Demak gen kula lahir, kawula - kang umiring, Jeng Sunankali rumuun, ndherek mider lala - na ngantos karya dhuwung katri, aranana heh Tundhung - dhapure apa.

Gen kula damel wiwitan, Blembang dhapure Gusti, ing - ngranan Kyai Gonda, Ludira kala ing nguni, kula karya ping kalih, Kya Penggarit wastanipun, dhapure Kidangso - ka, nadyan alit langkung titih, sekaripun wos wutah - langkung cetha.

Inggang kantun Cinalonan, Eyang ndika Sunankali, djapur Bethok pamor sanak, nama sampun den paringi, Ki Kopek - aprayogi, tumut wasiyat ing Ratu, Sangnata langkung suka, Kya Supa matur raspati, para Hempu ing Mataram nek-senana.

Ki Supanom aranira, de awet nome wong iki, sadaya matur sandika Sangnata ngandika malih, sira Guling Matawis, - yen gawe gaman gegedhug, Ki Guling matur nembah, yen kawula damel keris, kula puja medal manah kang utama.

Sapisan ampuh kalintang, yen kinarya mengsah jurit, ping kalih kinarya dagang, mboten tuna antuk bathi, amung punika Gusti, yen kula damel gegedhug, Kalihajir matura, umatur Ki Kalihajir, amung ampuh punika atur kawula.

Ki Tepas umatur nembah, yen kawula damel Gusti, mung- ampuh lawan wiyana, yen asring purun ngawoni, Pu Lanang matur aris, yen kawula karya Dhuwung, ampuh ingkahg sapisan, dene inggang kaping kalih, langkung wiyana lamun ing ngangge yuda.

Hempu Mayi Kilen karang, radi kithal matur aris, yen - bening manah kawula, yen akarya tumbak keris, langkung ampuh, prayogi, yen kang ngangge karyanipun, pethel amara raseba, yen kinarya dagang bathi, yen kinarya magang - mesthi enggal tompa.

Hempu Legi matur nembah, yen sun medal manah suci, wong ngangge damelan kula, yen kinaryam babeneri, yekti langkung prayogi, wong nerak jajaran wangsul, dene kang kaping tiga, ampuh lamun kacep Godhi, langkung suka Sang Nata myarsa sembrana.

Ki Hanom umatur nembah, yen medal manah kang suci, pikir mboten kawoworan, ing tembe kang ngangge Gusti ampuhe anglangkungi, lan ageng wiyasanipun, lan karem neng jro pura, yen kinarya dagang bathi, yen kasupen sawatawis mboten ical.

Jeng Sultan Agung Mataram, pangandikanira aris, Ki Hanom sira gaweya, tumbake bocah prajurit, gawenen kang prayogi, mung karobelah kehipun, anggane wong Tamtama, awit tabon kang prayogi, pamorana kabeh padha tiga warna.

Lan maneh sira gaweya, papat gonja Pamor sami, yen wus karya papat sira, aja sira karya malih, Pacoan sira yekti, yen nerak parentah ingsun, lamun sira akarya, kerise wong sanagari, tatrapana ing Dinar lan Gonja Waja.

Mundhuta mring Kapatihan, dimen ngileken si Patih, Dom siji tiyang satunggal, yen padha angaturi, nuli leburen aglis, kang becik pasemonipun, Ki Nom matur sandika, tan lami karya wus dadi, sinung aran Jenangkunta Kapatihan.

Heh sira Mayi gaweya, wedhunge santana mami, kembang - Lampes pamorana, kang pantes dipun sengkeli, mring santana Narpati, sandika ing aturipun, nulya wau wus karya Ki Hempu Mayi nyaloni, tan alami wus dadya katur ing -

Kembang Lampes pamorira, sadaya wus sami ugi, Kembang Lampes pinatrapan, miwah dennyha karya keris, pinamorana sami, Kembang Lampes patrapipun Hempu Legi kang karya, Waos sadaya kinardi kang dinamel Jejanggan ing lawang-lawang.

Ki Nom pan sampun katrima, pakaryanira mring Gusti, nunten ginanjar lalenggah, Pangran Sendhang kang wawangi - kang sarta den paringi ing Sendhang Bumi rongatus, ginanjar wanody endah, santanannya Sri Bupati, kang cina-tur Pangeran Sendhang karyanya.

Yasa Dhuwung sinarasah, lan Nagasasra prayogi, akeh Gonja kelap Lintah, dhungkul sinarasah sami, sahosan para Gusti, ingkang taksih titimur, Jeng Sultan langkung tus tha, mring Pangeran Sendhang nglangkungi, dhasar guna wasis maring Lapalmakna.

Sampun kathah dennyha yasa, wonten Nagari Matawis, miwah dhuwung kang wus tuwa, sampun sami den ganjari, karta Nagri Matawis, wus tampi ganjaranipun, mantuk mring tanah wetan, ing Sendhang wus den dalemi, awibawa Pangeran lan garwanira.

Denayu nuli wus wawrat, tariman saking Matawis, miyos-jalu langkung pelag, pinundhut maring Matawis, Jaka Supa kang nami, nunten tapa jroning banyu, jujuluk Setratoya, tumunten arine malih, Setrakithing lalana kalunta lunta.

Pangeran Sendhang diwasa, gerahira tanalami, seda wonten Nagari Sendhang, Ri Senen Legi marengi, lan garwanira sami, tunggil pasarean nipun, ingkang rama duk seda, Pangran Sedayu ing nguni, Rebo Kliwon Pangran Sedayu sedannya.

Pangeran Gung Pajajaran, Pangran Welang kang wawangi, - Sabtu Wage sedanira, pralayanira kang siwi, Akat Wage marengi, nalika ing sedanipun, nguni ingkang kaloka, yen karya tan mawi geni, ya Pangeran Cindheamoh wastanira.

Marmannya dadya sirikan, dina papat datan keni, yen macak dhuwung lan tumbak, Senen Wage datan keni, lan Rebo nora keni, Sedane Pangran Sedayu, Salasa lan Jumungah, Kemis ingkang wus prayogi, mituhuwa wong remen keris - lan tumbak.

Wau ta ingkang kocapa, Setratoya kang winarni, putrane Pangeran Sendhang, kang tapa sajroning warih, sepuh tan den tilari, tegese ngupaya sepuh, wonten kidang kang - prapta, mancorong ilate keksi, gya pinethet kinarya sep weng gagaman.

Karyane dhuwung sadaya, pamoripun sami putih, Sabukin - ten lan curiga lan dhapur Kalamintani, lan dhapur Paso-pati, yen ginanjar langkung bagus, Setratoya puputra, - Lujuguna kang wawangi, Sasepuhe tilarane ingkang rama,

Lujuguna apuputra, Lujuguna kaping kalih, neng Tanah - Kajoran wetan keh saru yasane nguni, Lujuguna ping katri, semu kasap Pamoripun, Lujuguna kaping pat, punika semuning keris, yasanira semu kereng langkung kasap.

Kya Macan marang nagara, ing Kartasura wus prapti, Kyai Japan namanira, ing pangucap kadya Wali, milane den arani, ing pangucap kathah kaduk, darbe ngelmu mukjijat, - idunyanggung medal api, wangsul ngetan neng Nglasem ing kang sinedya.

Ki Japan sampun puputra, Ki Braja ingkang wawangi, wonten ing dhusun Kajoran, yasane Dhuwung prayogi, den dilat yen nyepuhi sakalangkung dening ampuh, kaloka mring nagara, sigra sampun den timbali, pinaringan nama Hempu Brajaguna.

Brajaguna apuputra, Brajaguna kaping kalih sepuhe kadi kang rama. Tosan abang den dilati, siniyan mring Narpatti, pan maksih turun-tumurun, arine Brajaguna, Brajasan tika kang nami wus prawira nging sepuh ten pinaringan.

Ngupaya Sepuh tan angsal, tan alami nulya lalis, winang sulan kang carita, Setrakithing kang winarni, lalana - mring pasisir, cinarita angsal Sepuh, neng dhusun Paman cingan, warni dawegan mung siji, duk pinecah jroning degan isi upas.

Cinampur lan Raragasan, pan sampun pinundhi-pundhi, Dhu dhukuh aneng Koripan, Setrakithing dyan ngemasi, Setranaya kang siwi, Citranaya putranipun, punika apuputra - ingkang aran Sendhangwarih, Sendhangwarih puputra Sendhangkoripan.

Sendhangkoripan puputra Kyai Hempu Maragati, samya jaler saking Sendhang, Sepuhe wasiyat sami, Gantya ing - ngucap malih, mung punika ingkang tembung wus titi - kang carita, para Hempu ingkang sami, pakaryanta gamaning sakeh manungsa.

---ooOoo---

mSn

*

TIDAK UNTUK DIPERJUAL BELIKAN

Perpustakaan
Jenderal